

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV, hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh dilarapkeun modél pangajaran modél *Complete Sentence* ngagunakeun Média *flashcard* kaasup kana kritéria can tuntas kalayan rata-rata peunteunna nyaéta 53,14 tina  $KKM \geq 75$ . Dumasar kana aspék-aspékna, kamampuh nulis wawangsalan aspék kasaluyuan eusi padalisan jeung wangsalna kaasup kana kritéria “kurang” kalayan peunteun rata-rata (2,9), aspék guru wilangan kaasup kana kritéria “kurang” kalayan peunteun rata-rata (2,4), aspék diksi atawa pilihan kecap kaasup kana kritéria “kurang” kalayan peunteun rata-rata (2,4), aspék éjahan kaasup kana kritéria “kurang” kalayan peunteun rata-rata (2,5), aspék karapihan tulisan kaasup kana kritéria “sedeng” kalayan peunteun rata-rata (3).
- 2) Kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran modél *Complete Sentence* ngagunakeun Média *flashcard* kaasup kana kritéria tuntas kalayan rata-rata peunteunna nyaéta 79 tina  $KKM \geq 75$ . Dumasar kana aspék-aspékna, kamampuh nulis wawangsalan aspék kasaluyuan eusi padalisan jeung wangsalna kaasup kana kritéria “hadé” kalayan peunteun rata-rata (4,2), aspék guru wilangan kaasup kana kritéria “hadé” kalayan peunteun rata-rata (4,4), aspék diksi atawa pilihan kecap kaasup kana kritéria “sedeng” kalayan peunteun rata-rata (3,6), aspék éjahan kaasup kana kritéria “sedeng” kalayan peunteun rata-rata (3,8), aspék karapihan tulisan kaasup kana kritéria “sedeng” kalayan peunteun rata-rata (3,8).
- 3) Kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard* ngaronjat tina can tuntas (53,14) jadi tuntas (79). Hartina kamampuh nulis wawangsalan siswa ngaronjat. Dumasar kana

aspék-aspékna nyaéta aspék kasaluyuan eusi padalisan jeung wangsalna ngaronjat anu saméméhna kurang (2,9) jadi hadé (4,2), aspék guru wilangan ngaronjat anu saméméhna kurang (2,4) jadi hadé (4,4), aspék diksi atawa pilihan kecap ngaronjat anu saméméhna kurang (2,4) jadi sedeng (3,5), aspék éjahan ngaronjat anu saméméhna kurang (2,5) jadi sedeng (3,8), iwal aspék karapihan tulisan henteu ngaronjat boh saméméhna boh sanggeus ngagunakeun modél *Complete Sentence* jeung Média *Flashcard* kagolong kana sedeng (3 jadi 3,6). Sanajan kitu dumasar kana aspék-aspék séjénna ngaronjat. Ku kituna bisa dicindekkeun yén aya ngaronjatna antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*.

- 4) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél pangajaran modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*. Hartina yén modél pangajaran modél *Complete Sentence* ngagunakeun Média *Flashcard* éféktif ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020.

## 5.2 Implikasi

Modél *Complete Sentence* jeung Média *Flashcard* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan. Larapna modél *Complete Sentence* jeung Média *Flashcard* miboga implikasi yén ieu modél jeung média téh dina prosés pangajaranna mérédih siswa sangkan gawé bareng, ngalakukeun sawala pikeun ngalengkepan kalimah boh cangkang boh eusi dina pangajaran wawangsalan ngaliwatan pangamatan *Flashcard* atawa kartu gambar. Modél *complete sentence* jeung Média *Flashcard* bakal méré inovasi pikeun ngaronjatkeun daya imajinasi sarta kreativitas siswa, matak ngirut jeung pikaresepeun. Ku ayana kalimah nu can lengkep jeung gambar bisa mantuan siswa dina nulis wawangsalan sangkan leuwih aktif, antusias jeung kréatif.

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana panalungtikan nu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun saperti ieu di handap.

1. Dumasar kana hasil panalungtikan, katitén yén modél *Complete Sentence* jeung Média *Flashcard* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan. Ku kituna dipiharep modél *Complete Sentence* jeung Média *Flashcard* bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran basa sunda hususna dina matéri nulis wawangsalan.
2. Ku sabab ieu panalungtikan ngan saukur ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, kudu aya deui panalungtikan anu bisa mekarkeun modél *Complete Sentence* jeung média *Flahscard* pikeun ngaronjatkeun pangajaran basa séjénna utamana dina pangajaran basa sunda.